

KONSTRUKSI SEMANTIK GRAMATIKAL PANGAREP-AREP ACAKRİK TANGGAP ING BASA JAWA

Abrianti Maghfirroh

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
abriantimaghfirroh@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ana ing basa Jawa. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap minangka perangan teges saka cakrik sintaktis ing relasi semantik gramatikal. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap uga bisa dicakake sajroné ukara-ukara ing basa Jawa lan nduweni tetenger watesane awujud tembung kriya tanggap. Panliten ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa isih sithik lan kurang mligi. Tujuan utamane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep tanggap ing basa Jawa, dene tujuan mligine yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise pangarep-arep tanggap ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaktis. Kanthi teoretis, asil panliten iki bisa kanggo ngrembakake ilmu basa Jawa ing bidhang semantik gramatikal, dene kanthi praktis asil panliten iki bisa dadi salah siji materi kanggo nyinaoni basa ing bidhang semantik gramatikal.

Teori kanggo panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif asipat sinkronis. Dhata panliten iki yaiku konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap. Sumber dhata awujud ukara-ukara kang ngandhut konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap kang dijupuk saka ukara-ukara sajroné rubrik-rubrik non-sastra kalawarti basa Jawa Panjebur Semangat taun 2016 lan 2017. Dhata kasebut dikumpulake kanthi nggunakake metodhe nyemak lan dijlentrehake kanthi metodhe dhistribusional. Tatacara nyuguhake dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara formal informal. Asile panliten iki ana 68 jinis konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap kang diperang adhedhasar pangarep-arepe, adhedhasar tanggape, lan tembung kriya tanggape kanthi cara nyilangake. Panliten iki nguatake konsep ngenani pangarep-arep acakrik tanggap ing relasi semantik gramatikal lan luwih mligi saka panliten sadurunge. Kurang panliten iki durung bisa nemokake kabeh dhata sajroné jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap. Kanggo panliten sabanjure diprayogakake bisa niti bab kasebut.

Tembung-tembung wigati: konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap, triaspek sintaktis.

BAB I

PURWAKA

Bab purwaka iki diprinci dadi nem subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjer lan undere panliten, (3) tujuan panliten, (4) paedha panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Andharan luwih jangkepe kaya ing ngisor iki.

1.1 Landhesane Panliten

Pangarep-arep ing basa Jawa kalebu wetuning basa kang wis mawa tegese, mligine wetuning karep. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ana ing basa Jawa. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap minangka perangan teges saka cakrik sintaktis ing relasi semantik gramatikal. Struktur sajroné konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa nduweni tetenger kang mligi. Tetenger kasebut yaiku watesane awujud tembung kriya tanggap. Upamane kaya

“Mugi diadohake saka balak sukerta”. Watesa sajroné ukara kasebut minangka punjer saka konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Watesane ukara kasebut awujud tembung kriya tanggap pratamapurusa ke-kriya. Dene tembung “mugi” kasebut minangka jejer awujud tembung pangarep-arep. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap narik kawigaten kanggo diteliti amarga sajroné struktur kadadéane mbutuhake paugeran tartamtu. Yen paugeran struktur kasebut kliru bisa ndadekake teges kang beda kaya kang dikarepake. Adhedhasar pangarep-arepe, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap diperang dadi papat, yaiku mawa wos donga, mawa wos sot, mawa wos pamuji, lan mawa wos alok.

Pangarep-arep ing basa Jawa wis tau diteliti, nanging panliten kasebut isih sethithik lan kurang mligi, apa maneh ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Ing Indonesia, teori pangarep-arep isih durung ngrembaka, merga buku-buku

pasinaon lan tulisan ilmiah basa Jawa mung saithik kang ngandharake ngenani pangarep-arep kanthi mligi. Buku-buku paramasastra kang ngandharake pangarep-arep kanthi umum kaya dene Antunshana (1953), Hadiwidjana (1956), Padmosoekotjo (1986), lan Sasangka (2013). Panliten ngenani pangarep-arep kanthi umum ing bidhang semantik basa Jawa wis tau diteliti dening Ditya (2010) lan Nurzaha (2008). Dene panliten ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa iki durung ditemokake.

Para ahli paramasastra, kaya dene Padmosoekotjo lan Hadiwidjana merang pangarep-arep kanthi dhasar kang beda-beda. Paramasastra Jawa Padmosoekotjo (1986:156) diandharake yen pangarep-arep uga sinebut ukara pamuji kang kaperang adhedhasar surasane lan katitik sarana kawuwuhan tembung *muga-muga*. Paramasastra Hadiwidjana (1967:48-49), pangarep-arep kalebu ukara sambawa kang nduweni maksud durung klakon lan kaperang adhedhasar cakrik ing ukara kang kawuwuhan panambang */-a/*. Tuladha konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap kaya ing ngisor iki.

- (1) Muga-muga piningan panjang umur lan murah rejeki. (PS. No. 15 – 9 April 2016 kc.3)

Tuladha ing ndhuwur nuduhake pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos pamuji. Adhedhasar konstruksi morfemise, tembung “piningan” dadi titikane tanggap-na, amarga asale saka tembung lingga “paring” kang antuk seselan */-in-/* lan panambang */-an/*. Dene adhedhasar konstruksi sintaksise, tembung “muga-muga” dadi titikane pangarep-arep. Adhedhasar konstruksi semantike, dhata (1) nduweni maksud apik merga ngarepake supaya pawongan kang dikarepake bisa diwenahi panjang umur lan murah rejeki.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula topik panliten iki yaiku konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Andharan lan jlentrehan panliten iki dijangkepi kanthi nggunakake telung ancangan yaiku ancangan dhimensional, relasional, lan konseptual (struktur batin mligine triaspek sintaksis).

1.2 Punjer lan Undere Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, kang dadi punjere panliten iki yaiku konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Undere panliten iki ditetepake, yaiku:

- (1) apa wae jinise pangarep-arep acakrik tanggap kang ana ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaktise?

1.3 Tujuwane Panliten

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuan utamane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Dene adhedhasar undere panliten, tujuan mligine panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake:

- (1) jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaktise.

1.4 Paedahe Panliten

Asile panliten iki awujud andharan lan jlentrehan ngenani wujud, guna, lan kalungguhane pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Paedah saka panliten iki ana loro yaiku paedah teoretis lan praktis. Jlentrehan jangkepe kaya mangkene.

1.4.1 Paedah Teoretis

Kanthi teoretis, asil panliten iki bisa ngrembakake ilmu basa Jawa bidhang semantik, mligine semantik gramatikal. Ing sub bidhang semantik gramatikal kanggo ngrembakakake teori ngenani teges.

1.4.2 Paedah Praktis

Kanthi praktis, asil panliten iki bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni basa mligine bidhang semantik gramatikal ing pawiyatan luhur. Dene kanggo panliten sabanjure bisa dadi sarana panutan.

1.5 Watesane Panliten

Panliten iki diwatesi ing telung bab, yaiku (1) topike panliten, (2) dhatane panliten, lan (3) cara njinggleng. Tetelune diandharake ing ngisor iki.

- (1) adhedhasar topike panliten iki mung ngandharake ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa,
- (2) dhata panliten iki yaiku konstruksi semantik gramatikal pangaep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa, lan
- (3) dhata kang wis ngumpul diandharake lan dijlentrehake adhedhasar ancangan semantike kang dipantha dadi telu yaiku ancangan dhimensional (gramatikal), relasional, lan konseptual (jlentrehan struktur batin mligine ngenani tri aspek sintaksis).

1.6 Panjlentrehhe Tetembungan

Tetembungan kang dinggo ing panliten iki yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap lan (2) triaspek sintaksis, Andharan jangkepe kaya mangkene.

- (1) Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap minangka perangane werdi/teges saka cakrik sintaktis ing relasi semantik gramatikal kang ngandharake rasa pepenginane manungsa lan nduweni struktur jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan watesane awujud tembung kriya tanggap.
- (2) Triaspek sintaksis minangka telung aspek internal sajrone nganalisis ukara yaiku aspek wujud (kategori), aspek guna (fungsi), lan aspek kalungguhan (peran) (Sudaryanto, 1992:65).

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan sajrone panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) panliten kang saemper, (2) konsep-konsep panliten, (3) teori kanggo panliten iki. Andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.

2.1 Panliten kang Saemper

Panliten ngenani konstruksi semantik gramatikal

pangarep-arep ing basa Jawa kanthi umum wis tau ditindakake dening Andi Kosim Nurzaha (2008), mahasiswa jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa Unesa kanthi irah-irahan *Ukara Pangarep-Arep ing Basa Jawa*. Panliten kasebut njlentrehake ngenani wujud lan paugerane ukara pangarep-arep. Ing panliten kasebut ditemokake bab mligi kang dirembug, yaiku anane panambang /-a/ kang ateges pangarep-arep, tembung-tembung pangiket kang ateges pangarep-arep, anane tembung katrangan pangarep-arep kaya dene *muga-muga*, anane tembung sambawa ateges pangarep-arep, wujud ukara pangarep-arep, lan paugerane ukara pangarep-arep. Ukara pangarep-arep kang ditliti mung diandharake cacah ukara gatra, yaiku awujud ukura lamba lan ukara camboran. Banjur dhata sajrone panliten kasebut arupa ukara basa Jawa ngoko ing masyarakat Madiun kang digunakake guneman saben dina.

Panliten liyane ditindakake dening Hendrik Wahyu Ditya (2010), mahasiswa S2 Pascasarjana Unesa sajrone tesise kanthi irah-irahan *Bentuk Kalimat Pengharapan dalam Bahasa Jawa*. Panliten iku bisa didudut saka makna lan titikane. Ukara pangarep-arep iku nduweni makna pepenginan kang ngandhut dedonga kanthi titikan tembung *muga-muga* lan panambang /-a/ sajrone struktur tembung. Ing panliten iku, ukara pangarep-arep diperang dadi loro, yaiku ukara pangarep-arep adhedhasar wujud, ukara sot, lan donga. Adhedhasar wujud, ing panliten iku ditemokake ana telung jinis ukara pangarep-arep, yaiku ukara pangarep-arep kang kawuwuhan panambang /-a/, ukara pangarep-arep kang kawuwuhan tembung *ta ya*, lan ukara pangarep-arep kang kawuwuhan tembung *muga-muga*. Dhata sajrone panliten iku arupa ukara basa Jawa ngoko.

Panliten iki beda karo panliten kang wis ana sadurunge. Bedane panliten iki karo panliten sadurunge, yaiku panliten iki luwih mligi merang konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap, saengga luwih mligi saka panliten sadurunge. Saliyane iku, panliten ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap iki isih durung ana. Anggone ngandharake lan njlentrehake dhata ora mung nggoleki teges lan tujuwane, nanging bakal dijlentrehake uga ngenani konstruksi sintaktis kang adhedhasar ancangan semantike kang dipantha dadi telu yaiku ancangan dhimensional, ancangan relasional, lan ancangan konseptual kalebu jlentrehan struktur batin mligine ngenani triaspek sintaksis.

2.1 Konsep-Konsep Panliten

Konsep kaperang dadi loro, yaiku konsep-konsep ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep lan konsep-konsep ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap. Andharan luwih jangkepe mangkene.

2.2.1 Konsep ngenani Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep

Konsep ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep diperang dadi telu yaiku, teges, titikan, lan jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep. Andharan luwih jangkepe kaya mangkene.

2.2.1.1 Tegese Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep

Pangarep-arep kalebu ukara sambawa kang nduweni maksud durung klakon Hadiwidjana (1967:48-49). Miturut Padmosoekotjo (1986:156) merang pangarep-arep adhedhasar surasane lan disebutake yen pangarep-arep iku kalebu ukara pamuji. Panemune Kementrian Pengajaran Pendidikan lan Kebudayaan (1947:14-240) yaiku ngandharake yen pangarep-arep iku diperang dadi donga, sot, pamuji, lan alok. Pamanggih para ahli basa kang kasebut ing ndhuwur bisa didudut tegese konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep yaiku werdi saka cakrik sintaktis ing basa Jawa kang medharake rasa pepenginan manungsa. Saliyane iku uga nduweni titikan mligi jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya.

2.2.1.2 Titikane Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep

Miturut Subagyo (2014:166-167) pangarep-arep utawa pangajab iku aluse panjaluk kang lumrahe nggunakake tembung *muga-muga*. Mula saka iku pangarep-arep bisa dititiki saka tembung *muga-muga* ing ukarane. Adhedhasar andharan kasebut, bisa didudut yen titikane pangarep-arep ana telu, yaiku anane tembung pangarep-arep *muga-muga* utawa saemper *mugi/mugya* minangka jejer lan wasesan awujud tembung kriya.

2.2.1.3 Jinise Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep

Panemune Kementrian Pengajaran Pendidikan lan Kebudayaan (1947:14-240) yaiku ngandharake yen pangarep-arep iku diperang dadi donga, sot, pamuji, lan alok. Adhedhasar andharan kasebut, mula ditetepake yen jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep ing panliten iki ana papat, yaiku 1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep mawa was donga, 2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep mawa was sot, 3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep mawa was pamuji, lan 4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep mawa was alok.

2.2.2 Konsep ngenani Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap

Konsep ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap diperang dadi telu yaiku, teges, titikan, lan jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap. Andharan luwih jangkepe kaya mangkene.

2.2.2.1 Tegese Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap

Jinise ukara adhedhasar dhiatesis kaperang dadi loro, yaiku ukara tanduk lan ukara tanggap. Dhiatesis nduweni teges yaiku kategori gramatikal kang nuduhake sesambungan antarane partisipan utawa jejer karo pakaryan kang dinyatakake dening verba (Sudaryanto lkk, 1991:13-87). Kaya ukara-ukara liyane, jinise pangarep-arep adhedhasar dhiatesis kaperang dadi loro, yaiku pangarep-arep acakrik tanduk lan pangarep-arep acakrik

tanggap. Verhaar (2008:224-225) ngandharake ukara tanggap kabantuk kanthi cara ngganti lesan dadi jejer ing ukarane. Ana bab kang kudu digatekake yaiku wasesane awujud tembung kriya tanggap. Andharan kang wis kasebut ing ndhuwur bisa didudut tegese konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap yaiku perangan teges saka cakrik sintaktis ing basa Jawa kang ngandharake rasa pepenginanane manungsa lan nduweni struktur jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap.

2.2.2.2 Titikane Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap

Titikane konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap adhedhasar tatarakite kaperang dadi telu, yaiku 1) konstruksi morfologis, 2) konstruksi sintaktis, lan 3) konstruksi semantis. Andharan kanthi jangkepe ing ngisor iki.

1) Konstruksi Morfologis

Konstruksi morfologis yaiku konstruksi formatif-formatif sajrone tembung (Kridalaksana, 134:2011). Tatarakite konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap kedadeyan saka tembung kriya tanggap kang kawuwuhan ater-ater /dak-/ , /ko-/ , /di-/ , /ka-/ , lan seselan /-in/.

2) Konstruksi Sintaktis

Konstruksi sintaktis yaiku pangelompokan satuan-satuan kang gathuk karo paugeran-paugerane sintaktis basa (Kridalaksana, 134:2011). Tatarakite konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing konstruksi sintaktis yaiku ukara kang kawuwuhan tembung *muga-muga*.

3) Konstruksi Semantis

Tatarakite pangarep-arep tanggap ing konstruksi semantis yaiku ukara kang medharake rasa pepenginanane manungsa kang ngandhut tembung pangarep-arep *muga-muga* kanthi maksud becik utawa ala.

Adhedhasar andharan kasebut ing ndhuwur bisa didudut yen titikane pangarep-arep acakrik tanggap yaiku:

- a) anane tembung pangarep-arep *muga-muga* utawa saemper (*mugi/mugya*),
- b) tembung kriyane awujud tanggap tripurusa /dak-/ utawa /ko-/ utawa /di-/ ,
- c) tembung kriyane awujud tanggap-ka yaiku mawa ater-ater /ka-/ ,
- d) tembung kriyane tanggap-na yaiku mawa seselan /-in-/ ,
- e) jejere awujud tembung pangarep-arep, lan
- f) wasesane awujud tembung kriya tanggap kanthi maksud becik utawa ala.

2.2.2.3 Jinise Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap diperang dadi papat, yaiku 1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was donga, 2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was sot, 3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was pamuji, lan 4) konstruksi semantik gramatikal

pangarep-arep acakrik tanggap mawa was alok. Jlentrehan lan andharan luwih jangkepe kaya mangkene.

1. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Mawa Was Donga

Pangarep-arep lumrahe awujud pandonga (Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan, 1947:14). Salaras karo panemune Kemenpengdikbud kasebut jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa kang kapisan yaiku pandonga. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was donga yaiku werdi kang ngandharake rasa pepenginanane manungsa lan nduweni titikan anane tembung sambat utawa muji Pengeran supaya bisa ngentukake kabegjan utawa samubarang/kahanan kaya kang dikarepake. Saliyane iku uga nduweni struktur kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was donga adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa was donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa was donga, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa was donga, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep tanggap-ka mawa was donga, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa was donga.

2. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Mawa Was Sot

Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan (1947:14) ngandharake yen ana jinise pangarep-arep kang ora becik supaya kang diuneni nemu sangsara utawa kasusahan. Kang duwe pangarep-arep kaya mangkono iku lumrahe lagi nepsu banget nganti njempati lan pangucapae diarani nosot-nosotake. Salaras karo panemune Kemenpengdikbud kasebut jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap kang kapindho yaiku sot. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was sot/seda yaiku minangka werdi kang ngandharake rasa pepenginanane manungsa kang nduweni titikan maksud ala kanthi cara rasa mangkel lan nyedakake supaya wong kang dikarepake entuk cilaka/musibah. Saliyane iku uga nduweni struktur kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap kanthi maksud ala. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa was sot adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa was sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa was sot, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa was sot, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa was sot, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa was sot.

3. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggapi Mawa Wos Pamuji

Pamuji iku karepe ngarep-arep, dadi bisa diarani wetune rasa-pangrasa kepengin lan bisaa kelakon apa kang diarep-arep utawa dibutuhake (Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan, 1947:14). Salaras karo panemune Kemenpengdikbud lan Padmosoekotja kasebut jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi kang katelu yaiku pamuji utawa pepujen. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi mawa wos pamuji utawa pepujen yaiku werdi kang ngandharake rasa pepenginane manungsa kang nduweni struktur jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggapi. Saliyane iku uga nduweni titikan maksud kang becik supaya bisa slamet lan ngentukake kabegjan kaya kang dikarepake. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi mawa wos pamuji adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi utamapurusa mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi madyamapurusa mawa wos pamuji, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi pratamapurusa mawa wos pamuji, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi-ka mawa wos pamuji, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi-na mawa wos pamuji.

4. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggapi Mawa Wos Alok

Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan (1947:14) ngandharake yen ana jinise pangarep-arep kang ora becik supaya kang diuneni nemu sangsara utawa kasusahan. Adhedhasar andharan kasebut, tegese konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi mawa wos alok minangka werdi kang ngandharake rasa pepenginane manungsa kang nduweni titikan maksud ala lan kanthi cara kasar ngilokake/nyacad samubarang utawa kahanane wong liya. Saliyane iku uga nduweni struktur kang nuduhake jejere awujud pangarep-arep “muga-muga lan wasesa awujud tembung kriya tanggapi kanthi maksud ala. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi mawa wos alok adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi utamapurusa mawa wos alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi madyamapurusa mawa wos alok, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi pratamapurusa mawa wos alok, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi-ka mawa wos alok, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi-na mawa wos alok.

2.3 Teori kanggo Panliten Iki

Teori kanggo panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Andharan kang luwih jangkep ngenani asumsi lan tata makaryane teori transformasi generatif kaya ing ngisor iki.

2.3.1 Asumsi Teori Transformasi Generatif

Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku, transformasi generatif kang minangka landhesan teori ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi ing basa Jawa. Teori transformasi generatif nduweni landhesan pamikir, yaiku (1) sintaksis nduweni dhasar tumrap ukara lan tuturan kang bisa diindra dening manungsa, bab iki mujudake struktur lair, (2) ana sesambungan antarane semantis lan sistematis sajrone struktur batin, (3) struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Katelu aspek kasebut disebut triaspek sintaksis (Adipitoyo, 2002:4). Adhedhasar andharan kasebut, sajrone nganalisis dhata awujud ukara-ukara kang ngandhut konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi, yaiku wujud, guna, lan kalungguhane. Mula saka iku, teori kang digunakake sajrone yaiku teori transformasi generatif.

2.3.2 Tata Makaryane Teori Transformasi Generatif

Tata makaryane teori transformasi generatif iki bisa kadadeyan saka telung aspek, yaiku aspek wujud (kategori), guna (fungsi), lan kalungguhan (peran). Andharan kanthi jangkep kaya mangkene.

2.3.2.1 Wujud (Kategori)

Wujud minangka triaspek sintaksis. Miturut Sudaryanto (1991:65) negesake yen wujud lumrahe arupa tembung. Alwasillah (2011:99) ngandharake yen wujud adhedhasar teori transformasi generatif ana papat, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung panyilah. Adhedhasar andharan kasebut, wujud sajrone konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi yaiku tembung pasambat, tembung aran, tembung pangarep-arep, tembung kriya tanggapi, tembung katrangan.

2.3.2.2 Guna (Fungsi)

Verhaar (2008:165) ngandharake yen guna minangka aspek enggon saka wujud, saengga mujudake samubarang kang diisi lan dinggo. Guna adhedhasar teori transformasi generatif ana lima, yaiku jejer, wasesa, lesan, geganep, lan katrangan (Alwasillah, 2011:80). Adhedhasar andharan kasebut, guna sajrone konstruksis semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi, yaiku jejer, wasesa, lesan, lan katrangan. Jejer mesthi ana sajrone konstruksis semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi minangka bakune crita. Jejer sajrone konstruksis semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi awujud tembung pasambat, tembung aran, lan tembung pangarep-arep. Wasesa minangka punjere ukara/konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi kang awujud tembung kriya tanggapi. Lesan sajrone konstruksis semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi awujud tembung aran. Katrangan sajrone konstruksis semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggapi awujud tembung katrangan.

2.3.2.3 Kalungguhan (Peran)

Sudaryanto (1991:61-67) ngandharake yen

kalungguhan nduweni rong sipat pokok, yaiku (a) semantis (dideleng saka maknane) lan (b) struktural (minangka sukmane wujud kang ngenggoni panggonan kosong). Kalungguhan adhedhasar teori transformasi generatif diperang dadi nembelas, yaiku paraga (agentif), panandang, reseptif, panampa (benefaktif), faktor, paraga lan panandang (agentif lan objektif), sumber, kriya tanduk, kriya tanggap, kahanan, resiprokal, proses, tujuwan, papan, cara, lan wektu. Kalungguhan kang ana ing konstruksis semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap, yaiku pasambat, panampa, pangarep-arep, kriya tanggap, panandang, faktor, tujuwan, papan, cara, lan wektu.

BAB III

METODHE PANLITEN

Andharan ing bab III iki ngenani (1) titikane panliten, (2) ubarampene panliten, lan (3) tatacarane panliten. Andharan luwih jangkepe kaya ing ngisor iki.

3.1 Titikane Panliten

Titikane panliten ing andharan iki diperang dadi loro, yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten. Andharan luwih jangkepe mangkene.

3.1.1 Jinise Panliten

Panliten iki kalebu linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungan ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi. Lumrahe yaiku awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47).

3.1.2 Sipate Panliten

Panliten iki kalebu jinis panliten sinkronis, amarga basa kang diteliti ing panliten iki yaiku basa Jawa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Bab kasebut uga salaras karo andharane Mahsun (2012:117) yen panliten sinkronis yaiku panliten basa kanthi nлити fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu. Adhedhasar panemune para ahli kasebut bisa didudut yen panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten kang ditindakake kanthi ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara kang ditindakake, yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asil panliten. Panliten iki bakal njlentrehake ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa.

3.2 Ubarampene Panliten

Ubarampene panliten ing subbab iki diperang dadi telu, yaiku (1) dhata panliten, (2) sumber dhata panliten, lan (3) instrumen panliten. Andharan kang luwih jangkep kaya mangkene.

3.2.1 Dhata Panliten

Dhata sajrone panliten iki yaiku dhata sekunder. Dhata kasebut yaiku dhata tulis ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa. Dhata ing panliten iki mligi mung dhata tulis jalaran basa kang digunakake yaiku basa tulis sajrone ilmu basa luwih nengene dhapukan tembung kang kalebu wujud, guna, lan kalungguhan. Dhata tulis luwih dipercaya

jalaran nduweni struktur kang luwih sampurna. Mula saka iku, panliten iki mung mligi nganggo dhata tulis.

3.2.2 Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata ing panliten iki awujud ukara-ukara kang ngandhut konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa kang dijupuk saka ukara-ukara sajrone rubrik-rubrik non-sastra kalawarti basa Jawa Panjekar Semangat taun 2016 lan 2017. Rubrik-rubrik kasebut ana 15, yaiku Layang saka Warga, Pangudharasa, Sariwarta, Pethilan, Dredah & Masalah, Yok Apa Rek Kabare...Surabaya?, Olahraga, E-mail saka Jakarta, Obrolan, Artikel, Pitakon & Jawaban Wanita, Aiti, lan Glanggang Remaja. Sumber dhata utama sajrone panliten iki wis kacantum ing sabanjure kapustakan.

3.2.3 Instrumen Panliten

Instrumen panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) instrumen kanggo nglumpukake dhata, (2) instrumen kanggo njlentrehake dhata, lan (3) instrumen kanggo nyuguhake dhata. Andharan jangkepe kaya mangkene.

- (1) Instrumen kanggo nglumpukake dhata ing panliten yaiku tabel dhata lan majalah Panjekar Semangat. Saliyane iku uga dibutuhake instrumen kertu dhata lan piranti tulis. Dhata saka majalah Panjekar Semangat diklumpukake banjur ditulis ing kertu dhata. Kertu dhata kanggo nggampangake anggane nglumpukake lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori.
- (2) Instrumen kanggo njlentrehake dhata ing panliten iki yaiku dhafatar lan simbol. Instrumen tandha kang digunakake yaiku tandha (*) kanggo nitiki ukara kang ora gramatikal.
- (3) Instrumen kanggo nyuguhake dhata ing panliten iki yaiku kanthi formal lan informal. Instrumen formal disuguhake kanthi dhafatar bagan, dene kanthi informal nyuguhake dhata kanthi analisis wujud, guna, lan kalungguhan sajrone ukara-ukara kanggo njlentrehake bab kang diteliti supaya luwih gampang dingerteni.

3.3 Tatacarane Panliten

Tatacarane panliten kang digunakake sajrone panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) carane nglumpukake dhata, (2) carane njlentrehake dhata, lan (3) carane nyuguhake asil jlentrehan dhata. Andharan kanthi jangkep kaya mangkene.

3.3.1 Tatacarane Nglumpukake Dhata

Tatacara kang digunakake ing panliten iki kanggo nglumpukake dhata yaiku nggunakake metodhe nyemak lan teknik cathet. Andharan ing ngisor ngenani tatacarane nglumpukake dhata sajrone panliten iki.

- (1) Nyemak kalawarti basa Jawa Panjekar Semangat taun 2016 lan 2017.
- (2) Dhata kang kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing rubrik non sastra sajrone kalawarti basa Jawa Panjekar Semangat taun 2016 lan 2017 dicathet, banjur diklumpukake.

- (3) Dhata tulis kang wis dicathet mau banjur diklompokake sajrone kertu dhata adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane.

3.3.2 Tatacarane Njlentrehake Dhata

Tatacara kang digunakake ngandharake lan njlentrehake dhata yaiku metodhe agih utawa dhistribusional. Sudaryanto (1993:15-36) ngandharake yen metodhe agih yaiku metodhe analisis kang piranti panamtune ana lan mujudake perangan basa kang ditliti. Saliyane iku, metodhe agih uga nduweni maneka teknik kaya dene teknik lesap, teknik ganti, teknik ngambakake, teknik sisip, teknik balik, teknik ubah wujud, lan teknik ulang. Metodhe kasebut digunakake kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhane ukara kang ngandhut konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap sajrone kalawarti Panjebur Semangat taun 2016 lan 2017. Teknik kang digunakake ing panliten iki ana telu yaiku, 1) teknik nambahi (sisip), 2) teknik nyingidake, 3) teknik ngowahi (ubah wujud). Andharan kanthi jangkepe kaya mangkene.

3.3.2.1 Teknik Nambahi (Sisip)

Teknik nambahi yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara nambahi lan nyelipake sawijine unsur utawa satuwan basa tartamtu sajrone konstruksi kang dianalisis (Sudaryanto, 1993:36). Bisa dideleng tuladha ngisor iki.

- (1) Muga-muga diadohake saka bala' sukerta. Θ
(*kita*)
(1a) Muga-muga Θ (*kita*) diadohake saka bala' sukerta.

3.3.2.2 Teknik Nyingidake

Tatacarane njlentrehake dhata kanthi teknik ganti bisa dideleng ing tuladha ngisor iki.

- (2) Mugi dingapura dosa-dosa kita.
(2a) Θ *dingapura* dosa-dosa kita.

3.3.2.3 Teknik Ngowahi (Ubah Wujud)

Tatacarane njlentrehake dhata kanthi teknik ngowahi (ubah wujud) bisa dideleng ing tuladha iki.

- (3) Muga-muga **kowe** ditemu lan Θ (**kowe**) diopeni wong sugih.
(3a) Muga-muga *sapa* ditemu lan *sapa* diopeni wong sugih.

3.3.3 Tatacarane Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Tatacarane nyuguhake dhata sajrone panliten kaperang dadi loro, yaiku kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:145). Tatacara nyuguhake dhata kanthi cara formal yaiku nyuguhake dhata kanthi cara nggunakake angka-angka lan lambang-lambang. Dene tatacara nyuguhake dhata kanthi cara informal yaiku menehake analisis dhata kanthi nggunakake tembung-tembung kang lumrah. Tatacara nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku nggunakake tatacara nyuguhake dhata kanthi cara formal informal, amarga ing panliten iki nggunakake angka-angka lan lambang-lambang. Saliyane iku uga nggunakake tembung-tembung kang lumrah supaya bisa dingerteni lan dipahami dening pamaca.

BAB IV

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Isine bab IV iki kaperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

4.1 Andharan lan Jlentrehan Dhata

Andharan lan jlentrehan dhata ing panliten iki ana siji yaiku jinise konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap adhedhasar triaspek sintaktis. Adhedhasar pangarep-arepe, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap diperang dadi papat, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos sot, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos pamuji, lan (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos alok. Perangan kasebut diandharake lan dijlentrehake siji mbaka siji kaya mangkene.

4.1.1 Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Adhedhasar Triaspek Sintaktis

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap adhedhasar triaspek sintaktise diperang dadi papat, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos sot, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos pamuji, lan (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos alok. Luwih jangkepe kaya mangkene.

4.1.1.1 Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Mawa Wos Donga

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos donga adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos donga, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos donga, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep tanggap-ka mawa wos donga, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos donga. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Utamapurusa Mawa Wos Donga

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos donga diprinci dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa kriya wantah mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa i-kriya mawa wos donga, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa ke-kriya mawa wos

donga, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-e/ mawa wos donga, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-ane/ mawa wos donga.

2. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Madyamapurusa Mawa Wos Donga

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos donga diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa i-kriya mawa wos donga, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa ke-kriya mawa wos donga.

3. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Pratamapurusa Mawa Wos Donga

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos donga diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa i-kriya mawa wos donga, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa ke-kriya mawa wos donga.

4. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-ka Mawa Wos Donga

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos donga yaiku pangarep-arep ing cakrik sintaktis kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga”, wasesane awujud tembung kriya tanggap mawa ater-ater /ka-/. Saliyane iku uga nduweni titikan maksud becik lan ngandhut tembung sambat utawa muji Pengeran supaya bisa ngentukake kabegjan utawa samubarang/kahanan kang dikarepake.

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos donga diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa i-kriya mawa wos donga, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa ke-kriya mawa wos donga. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

5. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-na Mawa Wos Donga

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos donga yaiku pangarep-arep

ing cakrik sintaktis kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga”, wasesa awujud tembung kriya tanggap mawa seselan /-in-/. Saliyane iku uga nduweni titikan maksud becik lan ngandhut tembung sambat utawa muji Pengeran supaya bisa ngentukake kabegjan utawa samubarang/kahanan kang dikarepake.

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos donga diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos donga, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na i-kriya mawa wos donga, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na ke-kriya mawa wos donga. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

(1) Dhuh Gusti, muga-muga kita ana ing pungkasan urip iki tinebihake saka su’ul khatimah. (PS No. 36 – 3 September 2016 kc.36)

Duh Gusti muga-muga kita					ana ing pungkasan urip iki			tinebihake	saka su’ul khatimah
W	T Smbt	T Ar	T PA	T Se	Fr Kat		T Kr	Fr Kh	
G		Je			Kat		Wa	Kat	
K	Psmbt	PA	Pnmp		Ppn		Kr Tgp	Smb	

Dhata (1) kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na ke-kriya mawa wos donga amarga nuduhake yen tembung “Duh Gusti” nuduhake kalungguhan Psmbt awujud T Smbt. Tembung kasebut minangka titikane donga. Tembung “muga-muga” nduweni kalungguhan PA minangka Je awujud T PA. Tembung kasebut minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Tembung “kita” minangka Le awujud T Se kang nduweni kalungguhan Pnmp. Tembung “ana ing pungkasan urip iki” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Ppn. Tembung “tinebihake” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “tinebehake” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap-na amarga asale saka tembung lingga “tebeh” kawuwuhan seselan /-in-/ lan panambang /-ake/. Tembung “saka su’ul khatimah” minangka Kat awujud Fr Kh kang nduweni kalungguhan Smb. Maksud sajrone ukara kasebut becik amarga ndonga marang Gusti Allah ngarepake supaya diadohake saka su’ul khatimah nalika urip ing pungkasan jaman iki.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na ke-kriya mawa wos donga, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya mangkene.

(1) Dhuh Gusti, muga-muga kita ana ing pungkasan urip iki tinebihake saka su’ul khatimah.

(1a) Ø kita ana ing pungkasan urip iki tinebihake saka su’ul khatimah.

(1b) Ø muga-muga kita ana ing pungkasan urip iki Ø (tebih) saka su’ul khatimah.

Ukara (1a) lan (1b) yaiku asil owah-owahan saka dhata (1). Ukara (3a) nuduhake tembung “kita” minangka Je awujud T Se. Tembung “ana ing pungkasan urip iki” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Ppn. Tembung “tinebihake” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “saka su’ul khatimah” minangka Kat awujud Fr Kh kang nduweni kalungguhan Smb. Ukara (1a) kasebut ora gramatikal lan ora bisa kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang dadi titikane

pangarep-arep sarta maksud sajrone ukara kasebut uga ora cetha. Dene ukara (1b) nuduhake tembung “muga-muga” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA. Tembung “kita” minangka Le awujud T Se. Tembung “ana ing pungkasan urip iki” minangka Kat awujud Fr Kat. Tembung “tebih” minangka Wa awujud T Kr lan nduweni kalungguhan Kr Tndk. Tembung “saka su’ul khatimah” minangka Kat awujud Fr Kh. Mula saka iku, ukara (1b) kasebut ora kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos donga amarga ora ngandhut kalungguhan Psmbt utawa Pjn, nanging minangka pangarep-arep tanduk.

4.1.1.2 Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Mawa Wos Sot

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos sot adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos sot, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos sot, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos sot, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos sot. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Utamapurusa Mawa Wos Sot

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos sot diprinci dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa kriya wantah mawa wos sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa i-kriya mawa wos sot, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa ke-kriya mawa wos sot, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-e/ mawa wos sot, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-ane/ mawa wos sot.

2. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Madyamapurusa Mawa Wos Sot

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos sot diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa i-kriya mawa wos sot, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa ke-kriya mawa wos sot.

3. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Pratamapurusa Mawa Wos Sot

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos sot/seda yaiku pangarep-arep ing cakrik sintaktis kang nduweni titikan maksud ala kanthi cara rasa mangkel lan nyedakake supaya wong kang dikarepake entuk cilaka/musibah. Saliyane iku nduweni struktur kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap mawa ater-ater /di-/. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos sot diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa i-kriya mawa wos sot, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa ke-kriya mawa wos sot. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

(2) Muga-muga pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut ora dilantik MA. (PS No. 16 – 22 April 2017 kc.8)

<u>Muga-muga pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut ora dilantik MA</u>						
W	T PA	Fr Ar	T Pd	Fr Ar	Fr Kr	T Ar
G		Je			Wa	
K	PA	Pnmp			Kr Tgp	Pndg

Dhata kang kasebut ing ndhuwur nuduhake yen tembung “muga-muga” nduweni kalungguhan PA minangka Je awujud T PA. Tembung kasebut minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Tembung “pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut” minangka Le awujud Fr Ar kang nduweni kalungguhan Pnmp. Tembung “ora dilantik” minangka Wa awujud Fr Kr. Tembung “dilantik” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap pratamapurusa amarga asale saka tembung lingga “lantik” kawuwuhan ater-ater /di-/. Tembung “MA” minangka Gg awujud T Ar kang nduweni kalungguhan Pndg. Maksud sajrone ukara kasebut ala amarga nyedakake lan ngarepake supaya “pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut” ora dilantik dening MA. Mula saka iku, dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos sot.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos sot, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya ing ngisor iki.

(2) Muga-muga pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut ora dilantik MA.

(2a) Ø pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut ora dilantik MA.

*(2b) Muga-muga pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut ora Ø (nglantik) MA.

Ukara (2a) lan (2b) yaiku asil owah-owahan saka dhata (2). Ukara (2a) nuduhake tembung “pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut” minangka Je awujud Fr Ar. Tembung “ora dilantik” minangka Wa awujud Fr Kr. Tembung “MA” minangka Le awujud T Ar. Ukara (2a) kasebut isih gramatikal nanging ora bisa kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang

dadi titikane pangarep-arep sarta maksud sajrone ukara kasebut yaiku pernyataan. Dene ukara (2b) nuduhake tembung “muga-muga” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA. Tembung “pengurus DPD abal-abal lan ilegal kasebut” minangka Le awujud T Ar. Tembung “ora nglantik” minangka Wa awujud Fr Kr lan nduweni kalungguhan Kr Tndk nuduhake tanduk anuswara /ng-/. Tembung “MA” minangka Gg awujud T Ar. Mula saka iku, ukara (2b) kasebut dudu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos sot, nanging minangka pangarep-arep tanduk.

4. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-ka Mawa Wos Sot

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos sot diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka kriya wantah mawa wos sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka i-kriya mawa wos sot, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik sot tanggap-ka ke-kriya mawa wos.

5. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-na Mawa Wos Sot

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos sot diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos sot, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na i-kriya mawa wos sot, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na ke-kriya mawa wos sot.

4.1.1.3 Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Mawa Wos Pamuji

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos pamuji adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos pamuji, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos pamuji, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos pamuji, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos pamuji. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Kontruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Utamapurusa Mawa Wos Pamuji

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos pamuji diprinci dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa i-kriya mawa wos pamuji, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa ke-kriya mawa wos

pamuji, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-e/ mawa wos pamuji, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-ane/ mawa wos pamuji.

2. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Madyamapurusa Mawa Wos Pamuji

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos pamuji yaiku pangarep-arep ing cakrik sintaktis kanthi tujuwan supaya slamet lan nduweni titikan wetune rasa-pangrasa supaya bisa kalakon apa kang dikarepake utawa dibutuhake kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap mawa ater-ater /ko-/ utawa /mbok-/. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos pamuji diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa i-kriya mawa wos pamuji, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa ke-kriya mawa wos pamuji. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

(3) Muga-muga kabeh pangurbanan iki bisa mbok tanpa kanthi senenge ati. (PS. No. 21 – 21 Mei 2016 kc.43)

Muga-muga kabeh pangurbanan iki mbok tanpa kanthi senenge ati

W	T PA	Fr Ar	T Pndh	T Kr	Fr Kh
G		Je		Wa	Kat
K	PA	Pnmp		Kr Tgp	Cr

Dhata kang kasebut ing ndhuwur nuduhake yen tembung “muga-muga” nduweni kalungguhan PA minangka Je awujud T PA. Tembung kasebut minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Tembung “kabeh pangurbanan iki” minangka Le awujud Fr Ar kang nduweni kalungguhan Pnmp. Tembung “mbok tanpa” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “mbok tanpa” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap madyamapurusa amarga asale saka tembung lingga “tampa” kawuwuhan ater-ater /ko-/ utawa /mbok-/. Tembung “kanthi senenge ati” minangka Kat awujud Fr Kh kang nduweni kalungguhan Cr. Maksud sajrone ukara kasebut becik, yaiku ngarepake supaya bisa nampa kabeh pangurbanan kanthi senenge ati. Mula saka iku, dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya mangkene.

(3) Muga-muga kabeh pangurbanan iki bisa mbok tanpa kanthi senenge ati.

(3a) Θ kabeh pangurbanan iki bisa mbok tanpa kanthi senenge ati.

*(3b) Muga-muga kabeh pangurbanan iki bisa Θ (nampa) kanthi senenge ati.

Ukara (3a) lan (3b) yaiku asil owah-owahan saka dhata (3). Ukara (3a) nuduhake tembung “kabeh pangurbanan iki” minangka Je awujud Fr Ar. Tembung “mbok tampa” minangka Wa awujud T Kr kang nuduhahe tanggap madyamapurusa kriya wantah. Tembung “kanthi senenge ati” minangka Kat awujud Fr Kh. Ukara (3a) kasebut isih tetep dadi ukara tanggap kang gramatikal, nanging ora bisa kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang dadi titikane pangarep-arep lan maksud sajrone ukara kasebut uga nuduhake pernyataan. Dene ukara (3b) nuduhake tembung “muga-muga” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA. Tembung “kabeh pangurbanan iki” minangka Le awujud Fr Ar. Tembung “bisa nampa” minangka Wa awujud Fr Kr kang nduweni kalungguhan Kr Tndk yaiku tanduk anuswara /n-/. Tembung “kanthi senenge ati” minangka Kat awujud Fr Kh. Ukara (3b) kasebut ora gramatikal amarga maksud sajrone ukara kasebut ngarepake tembung “kabeh pangurbanan iki” awujud Fr Ar minangka Le bisa nampa kanthi seneng ati. Mula saka iku, ukara (3b) kasebut dudu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, nanging minangka pangarep-arep tanduk kang ora gramatikal.

3. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Pratamapurusa Mawa Wos Pamuji

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos pamuji/pepujan yaiku pangarep-arep ing cakrik sintaktis kanthi tujuwan supaya slamet lan nduweni titikan wetune rasa-pangrasa supaya bisa kalakon apa kang dikarepake utawa dibutuhake kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap mawa ater-ater /di-/. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos pamuji diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa i-kriya mawa wos pamuji, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa ke-kriya mawa wos pamuji. Luwih cethane bisa dideleng dhata ngisor iki.

- (4) Mugi dingapura dosa-dosa kita. (PS No. 24 – 11 Juni 2016 kc.4)

	<u>Mugi</u>	<u>dingapura</u>	<u>dosa-dosa kita</u>
W	T PA	T Kr	Fr Ar
G	Je	Wa	Le
K	PA	Kr Tgp	Pnmp

Dhata kang kasebut ing ndhuwur nuduhake yen tembung “mugi” nduweni kalungguhan PA minangka Je awujud T PA. Tembung kasebut minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Tembung “dingapura” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “dingapura” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap pratamapurusa amarga asale saka tembung lingga “apura” kawuwuhan ater-ater /di-/. Tembung “dosa-dosa kita” minangka Le awujud Fr Ar kang nduweni kalungguhan Pnmp. Maksud sajrone

ukara kasebut becik, ngarepake supaya dosa-dosane bisa dingapura kareben slamet. Mula saka iku, dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya mangkene.

- (4) Mugi dingapura dosa-dosa kita.

- (4a) Θ dingapura dosa-dosa kita.

- (4b) Mugi dingapura Θ (tiyange).

- * (4c) Mugi Θ (apura) dosa-dosa kita.

Ukara (4a), (4b), lan (4c) yaiku asil owah-owahan saka dhata (4). Ukara (4a) nuduhake tembung “dingapura” minangka Wa awujud T Kr kang nuduhahe tanggap pratamapurusa. Tembung “dosa-dosa kita” minangka Je awujud Fr Ar. Ukara (4a) kasebut ora gramatikal lan ora kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang dadi titikane pangarep-arep lan maksud sajrone ukara kasebut uga beda. Dene ukara (4b) nuduhake tembung “mugi” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA. Tembung “dingapura” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “tiyange” minangka Le awujud T Ar. Ukara (4b) kasebut isih gramatikal lan kalebu pangarep-arep, nanging maksud sajrone ukara kasebut beda amarga “tiyange” kang dikarepake dingapura, dudu “dosa-dosa kita”. Ukara (4c) nuduhake tembung “mugi” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA. Tembung “apura” minangka Wa awujud T Kr kang nuduhake tanduk. Tembung “dosa-dosa kita” minangka Le awujud Fr Ar. Mula saka iku, ukara (4c) kasebut ora kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos pamuji, nanging minangka pangarep-arep tanduk kang ora gramatikal.

4. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-ka Mawa Wos Pamuji

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos pamuji diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka kriya wantah mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka i-kriya mawa wos pamuji, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka ke-kriya mawa wos pamuji.

5. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-na Mawa Wos Pamuji

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos pamuji yaiku pangarep-arep ing cakrik sintaktis kanthi tujuwan supaya slamet lan nduweni titikan wetune rasa-pangrasa supaya bisa kalakon apa kang dikarepake utawa dibutuhake kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap mawa seselan /-in-/. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos pamuji diprinci dadi telu,

yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos pamuji, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na i-kriya mawa wos pamuji, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na ke-kriya mawa wos pamuji. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

(5) Mugi tansah rinaket. (PS. No.10 - 5 Maret 2016 kc.45)

	<u>Mugi</u>	<u>tansah rinaket</u>
W	T PA	Fr Kr
G	Je	Wa
K	PA	Kr Tgp

Dhata kang kasebut ing ndhuwur nuduhake yen tembung “mugi” nduweni kalungguhan PA minangka Je awujud T PA. Tembung kasebut minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Tembung “tansah rinaket” minangka Wa awujud Fr Kr. Tembung “rinaket” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap-na amarga asale saka tembung “raket” kawuwuhan seselan /-in-/. Maksud sajrone ukara kasebut yaiku ngarepake supaya hubungan pasedulurane tansah raket marang sapadha. Mula saka iku, dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos pamuji.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos pamuji, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya ing ngisor iki.

(5) Mugi tansah rinaket.

(5a) Ø tansah rinaket.

(5b) Mugi tansah Ø (raket).

Ukara (5a) lan (5b) yaiku asil owah-owahan saka dhata (5). Ukara (5a) nuduhake tembung “tansah rinaket” minangka Wa awujud Fr Kr kang nuduhake tanggap-na. Ukara (5a) kasebut ora gramatikal lan ora bisa kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang dadi titikane pangarep-arep sarta maksud sajrone ukara kasebut uga ora cetha. Dene ukara (5b) nuduhake tembung “mugi” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA. Tembung “tansah raket” minangka Wa awujud Fr Kr lan nduweni kalungguhan Kr Tndk kang nuduhake tanduk. Mula saka iku, ukara (5b) kasebut dudu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos pamuji, nanging minangka pangarep-arep tanduk.

4.1.1.4 Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Mawa Wos Alok

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos alok adhedhasar tanggape diperang maneh dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos alok, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos alok, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos alok, lan (5) konstruksi semantik

gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos awujud alok. Luwih jangkepe bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Utamapurusa Mawa Wos Alok

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos alok diprinci dadi lima, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa kriya wantah mawa wos alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa i-kriya mawa wos alok, (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa ke-kriya mawa wos alok, (4) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-e/ mawa wos alok, lan (5) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa /-ane/ mawa wos alok.

2. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Madyamapurusa Mawa Wos Alok

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos alok diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa kriya wantah mawa wos alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik alok tanggap madyamapurusa i-kriya mawa wos, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa ke-kriya mawa wos alok.

3. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap Pratamapurusa Mawa Wos Alok

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos alok minangka pangarep-arep ing cakrik sintaktis kang nduweni titikan maksud ala lan kanthi cara kasar ngilokake/nyacad samubarang utawa kahanane wong liya kang nuduhake jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga” lan wasesane awujud tembung kriya tanggap /di-/. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa mawa wos alok diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa i-kriya mawa wos alok, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa ke-kriya mawa wos alok. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

(6) Muga-muga wae dicoba ing kandhange lawan. (PS No. 17 – 29 April 2017 kc.6)

	<u>Muga-muga wae</u>	<u>dicoba</u>	<u>ing kandhang lawan</u>
W	T PA	T Pg	T Kr
G	Je	Wa	Kat
K	PA	Kr Tgp	Ppn

Dhata kang kasebut ing ndhuwur nuduhake yen tembung “muga-muga wae” nduweni kalungguhan PA minangka Je kang nuduhake pangarep-arep awujud alok. Tembung “muga-muga” minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Dene tembung “wae” awujud tembung T Pg kang

nyetakake pangarep-arep awujud alok. Tembung “dicoba” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “dicoba” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap pratamapurusa amarga asale saka tembung “coba” kawuwuhan ater-ater /di-/. Tembung “ing kandhang lawan” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Ppn. Maksud sajrone ukara kasebut ala yaiku ngarepake supaya uji coba peluru misil Korut dicoba ing kandhang lawan kang pungkasanane gagal. Mula saka iku, dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos alok.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos alok, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya mangkene.

(6) Muga-muga wae dicoba ing kandhange lawan.

(6a) Θ dicoba ing kandhange lawan.

(6b) Muga-muga wae Θ (nyoba) ing kandhange lawan.

Ukara (6a) lan (6b) yaiku asil owah-owahan saka dhata (6). Ukara (6a) nuduhake tembung “dicoba” minangka Wa awujud T Kr kang nuduhahe tanggap pratamapurusa. Tembung “ing kandhang lawan” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Ppn. Ukara (6a) kasebut ora gramatikal lan ora bisa kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang dadi titikane pangarep-arep sarta maksud sajrone ukara kasebut uga ora ana jejere tur ora cetha maksude. Dene ukara (6b) nuduhake tembung “muga-muga wae” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA kang nuduhake pangarep-arep awujud alok. Tembung “nyoba” minangka Wa awujud T Kr lan nduweni kalungguhan Kr Tndk kang nuduhake tanduk anuswara /ny-/. Tembung “ing kandhang lawan” minangka Kat awujud Fr Kat. Mula saka iku, ukara (6b) kasebut dudu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa kriya wantah mawa wos alok, nanging minangka pangarep-arep tanduk.

4. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-ka Mawa Wos Alok

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos alok diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep awujud tanggap-ka kriya wantah alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka i-kriya mawa wos alok, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka ke-kriya mawa wos alok.

5. Konstruksi Semantik Gramatikal Pangarep-Arep Acakrik Tanggap-na Mawa Wos Alok

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos alok minangka pangarep-arep ing cakrik sintaktis kang nduweni titikan maksud ala lan kanthi cara kasar ngilokake/nyacad samubarang utawa kahanane wong liya kang nuduhake jejer dikarepake nampa utawa dikenani pakaryan kang ala lan wasesa awujud tembung kriya tanggap /-in-/. Konstruksi

semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos alok diprinci dadi telu, yaiku (1) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos alok, (2) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na i-kriya mawa wos alok, lan (3) konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na ke-kriya mawa wos alok. Luwih cethane bisa dideleng dhata ing ngisor iki.

(7) Muga-muga wae Buni Yani tinemu Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar, saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane. (PS No. 47 – 25 November 2017 kc.8)

Muga-muga wae Buni Yani			tinemu	Hakim Agung <i>killer</i> Artidjo Alkostar	saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane
W	T PA	T Pd	Fr Ar	T Kr	Fr Ar
G		Je		Wa	Le
K	PA		Pnmp	Kr Tgp	Pndg
					Fr Kat
					Kat
					Akb

Dhata kang kasebut ing ndhuwur nuduhake yen tembung “muga-muga wae” nduweni kalungguhan PA minangka Je kang nuduhake pangarep-arep awujud alok. Tembung “muga-muga” minangka titikane pangarep-arep lan nyethakake yen ukara kasebut ngandhut pangarep-arep. Dene tembung “wae” awujud tembung T Pg kang nyetakake pangarep-arep awujud alok. Tembung “Buni Yani” minangka Je awujud Fr Ar kang nduweni kalungguhan Pnmp. Tembung “tinemu” minangka Wa awujud T Kr. Tembung “tinemu” nduweni kalungguhan Kr Tgp kang nuduhake tanggap-na amarga asale saka tembung “temu” kawuwuhan seselan /-in-/. Tembung “Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar” minangka Le awujud Fr Ar kang nduweni kalungguhan Pndg. Tembung “saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Akb. Maksud sajrone ukara kasebut ala yaiku ngarepake supaya Buni Yani ditemokake karo Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar saengga Buni Yani entuk “bonus”. Bonus kang dimaksud yaiku ukuman sing samurwat karo pokal gawane. Mula saka iku, dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos alok.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen dhata kasebut kalebu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos alok, prekara kasebut bisa dibuktekake kanthi jangkep kaya mangkene.

(7) Muga-muga wae Buni Yani tinemu Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar, saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane.

(7a) Θ Buni Yani tinemu Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar, saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane.

(7b) Muga-muga wae Buni Yani Θ (nemu) Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar, saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane.

Ukara (7a) lan (7b) yaiku asil owah-owahan saka dhata (7). Ukara (7a) nuduhake tembung “Buni Yani” minangka Je awujud Fr Ar. Tembung “tinemu” minangka Wa awujud T Kr kang nuduhahe tanggap-na. Tembung “Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar” minangka Le awujud Fr Ar. Tembung “saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Akb. Ukara (7a) kasebut isih gramatikal, nanging ora bisa

kalebu pangarep-arep amarga ora ngandhut tembung “muga-muga” kang dadi titikane pangarep-arep lan maksud sajrone ukara kasebut uga ora cetha. Dene ukara (7b) nuduhake tembung “muga-muga wae” minangka Je lan nduweni kalungguhan PA kang nuduhake pangarep-arep mawa wos alok. Tembung “Buni Yani” minangka Le awujud Fr Ar. Tembung “nemu” minangka Wa awujud T Kr lan nduweni kalungguhan Kr Tndk kang nuduhake tanduk anuswara /n-/. Tembung “Hakim Agung *killer* Artidjo Alkostar” minangka Gg awujud Fr Ar. Tembung “saengga Buni Yani entuk “bonus” ukuman sing samurwat karo pokal gawane” minangka Kat awujud Fr Kat kang nduweni kalungguhan Akb. Mula saka iku, ukara (7b) kasebut dudu konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na kriya wantah mawa wos alok, nanging minangka pangarep-arep tanduk.

4.2 Asile Panliten

Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa bisa diperang adhedhasar triaspek sintaktise. Konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap diperang adhedhasar pangarep-arepe, adhedhasar tanggape, lan adhedhasar tembung kriya tanggape. Perangan kasebut dientukake kanthi cara nyilangake perangan adhedhasar pangarep-arep lan adhedhasar tanggape. Dadi perangan ngenani kontsruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa ana 68 jinis.

4.3 Dhiskusi Asil Panliten

Adhedhasar pangarep-arepe, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa diperang dadi papat, yaiku pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos donga, pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos sot, pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos pamuji, lan pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos alok. Teori kang dinggo merang pangarep-arep kasebut salaras karo teorine Padmosoekotjo (1986:156) lan Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan (1947:14). Dene adhedhasar tanggape, pangarep-arep acakrik tanggap diperang maneh dadi lima, yaiku pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa, pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa, pangarep-arep acakrik tanggap pratamapurusa, pangarep-arep acakrik tanggap-ka, lan pangarep-arep acakrik tanggap-na. Teori kang dinggo merang pangarep-arep kasebut salaras karo teorine Padmosoekotjo (1986:112-113). Sajrone nganalisis dhata adhedhasar triaspek sintaktise uga salaras karo teorine Alwasillah (2011:99-103).

BAB V

DUDUTAN LAN PAMRAYOGA

Isine Bab V iki kaperang dadi loro, yaiku 1) dudutane panliten lan 2) pamrayoga. Andharan luwih jangeke kaya ing ngisor iki.

5.1 Dudutan

Panliten iki nguwatake konsep ngenani pangarep-arep acakrik tanggap ing relasi semantik gramatikal lan luwih mligi saka panliten sadurunge. Struktur sajrone konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik

tanggap kang dadi punjere yaiku wasesane awujud tembung kriya tanggap lan jejere awujud tembung pangarep-arep “muga-muga”. Saliyane iku, ana 68 jinis konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap adhedhasar triaspek sintaktise. Topik sajrone panliten iki diperang adhedhasar pangarep-arepe, adhedhasar tanggape, lan adhedhasar tembung kriya tanggape. Anggone nemtokake jinis-jinis saka topik ing panliten iki yaiku kanthi teknik silang antarane perangan adhedhasar pangarep-arepe, tanggape, lan tembung kriya tanggape.

5.2 Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngaarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane iku, panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap ing basa Jawa, yaiku (1) isih akeh topik panliten ngenani pangarep-arep tanggap kang bisa diteliti luwih mligi maneh kaya dene ngenani pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos donga lan pangarep-arep acakrik tanggap mawa wos pamuji sajrone dhata tulis liyane utawa diteliti sajrone dhata tulis ing bidhang semantik gramatikal. (2) panliten ngenani konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap iki nduweni luput lan kurang. Kurange panliten iki durung bisa nemokake kabeh dhata sajrone jinis konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap. Perangan kang dimaksud kasebut, yaiku konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos donga, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos donga, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos sot, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos sot, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-na mawa wos sot, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap utamapurusa mawa wos alok, konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap madyamapurusa mawa wos alok, lan konstruksi semantik gramatikal pangarep-arep acakrik tanggap-ka mawa wos alok.

KAPUSTAKAN

Adipitoyo, Sugeng. 1990. *Morfem /dak-/, /ko-/, /di-/ dalam Tinjauan Morfositaksis. (Skripsi)*. Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, IKIP Surabaya.

_____. 2002. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia Universitas Negeri Surabaya.

_____. 2013. *Valensi Sintaktis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.

- Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra-Djawa*. Jogjakarta: Soejadi.
- Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata-Sastra*. Jogjakarta: U.P. Indonesia.
- Kementrian Pengajaran Pendidikan dan Kebudayaan. 1947. *Karti Basa*. Jakarta.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia, Edisi Kedua*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 2011. *Kamus Lingistik, Edisi Keempat*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2006. *Metode Penelitian Bahasa, Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti.
- Parera, J.D. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1937. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff Kolff NV.
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Badan Kongres Bahasa Jawa
- Sasangka, Sri Satriya Tjatur Wisnu. 2013. *Pramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Subagyo, Rahmad. 2014. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: CV. Bintang.
- Sudaryanto, Ikk. 1991. *Diatesis dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- _____. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa-Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2010. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Verhaar, J.W.M. 2012. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati, Ikk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Departmen Pendidikan